

[◀Atik
anvan-an](#)[Gid jénéral-la](#)[Atik▶
apré-a](#)

TOUAZIÈM PATI **Lavi nan Kris-la**

DÉZIÈM SÉKSION **Dis kòmandman-yo**

DÉZIÈM CHAPIT **« Sé pou rinmin prochin-ou tankou pròp tèt-ou »**

ATIK 10 ***Dizièm kòmandman-an***

« Ou pap anvi [...] okinn bagay ki pou [prochin-ou] » (Ex 20, 17).

« Ou pap mét lidé-ou sou kay prochin-ou, sou jadin-l ak sou sèvitè-l ak sèvant li, sou bèf li ak bourik li ak sou tou sa-k pou prochin-ou » (Dt 5, 21).

« Koté trézò-ou la yé-a, sé la kè-ou ap yé tou » (Mt 6, 21).

- 2534 Dizièm kòmandman-an doublé épi konplété névièm-nan ki té konséné mové anvi lachè-a (concupiscence de la chair). Li intèdi dézi anbision sou byin lòt-yo posédé, sé sa ki rasîn vòl, piyaj ak frod sétièm kòmandman-an intèdi. « Mové atirans je yo » (cf. 1 Jn 2, 16) minnin nan violans ak injistis sinkièm kòmandman intèdi (cf. Mi 2, 2). Anvi pran byin lòt-yo (cupidité), minm jan ak fònifikasian-an, soti nan idolatri-a, sa toua prémié kòmandman Laloua-a intèdi-a (cf. Sg 14, 12). Dizièm kòmandman-an minnin nan intansion kè-a ; li-minm avèk névièm-nan sé rakousi tout kòmandman Laloua-a.
- 242
2069

I. Dérègléman mové anvi-yo

- 2535 Tandans apéti sansib-la minnin nou nan anvi bagay ki agréab nou pa ginyin. Konsa lè yon moun ap soufri grangou, li anvi manjé ; lè yon moun

1767 frèt, li anvi chofé. Anvi sa-yo nan yo-minm yo bon ; min anpil foua yo pa suiv diréksion rézon-an épi yo pousé nou konvouaté (chèché pran) injistéman sa ki pa pou nou, sa lòt ginyin oubyin sa yo doué ba yo.

2536 Dizièm kòmandman-an intèdi *vorasité-a* (*avidité-a*) ak anvi pou posédé
2445 byin tè-a san limit ; li intèdi *konvouatiz* déréglé-a ki sot nan souaf richès-
yo ak pouvoua yo-a san modération. Li intèdi tou lidé fè injistis ki fè
prochin-an sibi domaj nan byin tanporèl li-yo :

« Lè Laloua-a avèti nou konsa : *Ou pap konvouaté*, paròl sa-yo vlé di dapré signifikasyon-yo, pou nou anpéché tandans anvi nou-yo al sou bagay ki pou lòt yo. Konvouaté bagay ki pou lòt-yo sé yon souaf ki pa gin mézi, li san limit épi li pap janm rasazié, jan sa ékri-a : « Moun ki rinmin lajan pa janm gin kont lajan » (Eccl 5, 9) (Catech. R. 3, 37).

2537 Sé pa yon mankman kont kòmandman-an si yon moun anvi ginyin yon bagay ki pou prochin-an, dépi sé ak mouayin ki kòrèk. Katéchèz tradisionèl-la antan li konprann kijan bagay-yo yé, l-ap palé osijè « moun k-ap soufri vis konvouatiz sa-a plis pasé lòt-yo » épi poutèt sa sé pou yo « ankourajé yo kinbé kòmandman sa-a ak plis souin » :

« Sé [...] komèsan-yo [...], k-ap tann pou résous-yo vîn manqué oubyin pou machandiz-yo vann chè, ki vîn chagrin lè gin lòt moun anplis yo-minm k-ap vann oubyin k-ap achté, bagay ki t-a pèmèt yo vann pi chè oubyin achté a vil pri ; yo fè péché tou lè yo souété pou lòt moun-yo t-a nan mizè pou yo tiré avantaj soua nan vann soua nan achté nan min yo. [...] Médsin tou ki anvi pou moun malad ; avoka k-ap réklamé pou gin anpil prosè ak litij inpòtan... » (Catech. R. 3, 37).

2538 Dizièm kòmandman-an égzijé pou yo rétiré *anvié lòt-la* (envie) nan kè
2317 moun-nan. Lè profèt Natan té vlé pousé roua David fè pénitans, li té rakonté-l istoua pòv-la ki pa-t gin anyin dòt pasé yon mouton li té okipé tankou pròp ptit fi-l, épi rich-la ki malgré kantité bann mouton li té ginyin-yo, té anvié mouton pòv-la épi alafin té vòlè-l la (cf. 2 S 12, 1.4). Anvié lòt-la kapab minnin nan fè méchansté ki pi térib-yo (cf. Gn 4, 3-7 ; 1 R 21, 1-29). « Min sé anvié djab-la té anvié-a ki fè lanmò-a antré sou fas tè-a » (cf. Sg 2, 24-25) :

« Nou kanpé kont pròp nou-minm pou n-ap goumin youn ak lòt, ak jalouzi sètènman n-ap prezanté zam. [...] Si nou tout ap aji konsa pou détrui [kò Kris-la], ki koté sa pral fini ? [...] Nou fè kò Kris-la tounin kadav. [...] Lè nou di nou tout sé manb youn lòt époutan tankou bèt sovaj n-ap goumin antré nou » (S. Jean Chrysostome, hom. in 2 Cor. 28, 3-4 : PL 61, 594-595).

2539 Anvié lò-la sé yon vis (vice) kapital. Li indiké chagrin yon moun
1866 ginyin dévan byin yon lòt ansanm ak souaf san kontròl pou pran-l pou li-
minm, minm ak yon mouayin li pa t-a doué. Lè li souété yon gro malè pou
prochin-an, sé yon péché mòtèl :

Sint Ogustin té konsidéré anvié lòt-la kòm « yon vis diabolik » (catech. 4, 8).

« Sé apati anvié lòt-la vîn gin rayisans, médizans, kalomni, kontan pou malè lòt-la, faché lè sa maché byin pou li » (S. Grégoire le Grand, mor. 31, 45 : PL 76, 621).

2540 Anvié lòt-la sé yon fòm chagrin épi poutèt sa sé yon réfizé rinmin ;
 1829 moun ki batizé-a konbat li ak byinvéyans-la. Anvié lòt-la anpil foua sé nan ògèy-la li soti ; moun ki batizé-a doué fè éfò pou-l viv nan umilité-a :

« Mouin t-a vlé pou sé mouin-minm ki bay Bondié gloua. Ébyin sé pou-ou kontan pou frè-ou k-ap progrésé, épi poutèt ou y-ap bay Bondié gloua, tout moun ap di « Konpliman pou Bondié » ki gin kalité sèvitè sa-yo, ki lib anba tout anvié lòt antan yo kontan paské youn ouè lòt byin » (S. Jean Chrysostome, hom. in Rom. 7, 3 : PG 60, 445).

II. Sa Éspri-a vlé

2541 Prinsip diréksion laloua-a ak lagras-la (économie de la Loi et de la
 1718 Grâce) fè kè moun-nan kité konvouatiz ak anvié lòt-la ; li fòmé-l nan dézi
 2764 Éspri-Sin-an ki rasazié kè moun-nan.

397 Bondié promès-yo té toujou avèti moun-nan kont atirans sa-k té parèt
 dépi nan kòmansman-an « bon pou manjé, bél pou jé, épi ki bay anvi pou
 gin intéléijans » (Gn 3, 6).

2542 Laloua-a yo té bay Israël-la pa-t janm sifizan pou fè moun ki té anba-l
 1963 yo vîn kòrèk (jistifié) ; li té minm vîn tounin yon instriman « mové anvi »-
 a (concupiscence) (cf. Rm 7, 7). Korépondans i pa ginyin ant sa moun-
 nan vlé-a ak sa l-ap fè-a (cf. Rm 7, 10) indiké yon dézakò ant Laloua
 Bondié-a, ki laloua rézon-an, épi yon lòt laloua « ki fè-m prizonié nan
 laloua péché-a ki nan manb mouin yo » (Rm 7, 23).

2543 « Koulié-a san laloua-a jistis Bondié-a parèt, laloua-a ak profèt-yo
 1992 sèvi-l témouin, jistis Bondié-a minm gras a lafoua Jézu-Kri-a pou tout
 moun ak sou tout moun ki kouè » (Rm 3, 21-22). Sé poutèt sa fidèl Kris-la
 « klouré chè yo-a sou koua-a avèk vis-yo ak mové tandans-yo » (Ga 5,
 24) ; yo minm sé Éspri-a k-ap minnin yo (cf. Rm 8, 14) épi y-ap suiv sa
 Éspri-a vlé (cf. Rm 8, 27).

2443-2449

III. Pòv nan kè-a

2544 Jézu bay disip li-yo lòd pou yo pito-l pasé tout bagay, pasé tout moun
 544 épí li invité yo rénonsé tout sa yo posédé (Lc 14, 33) poutèt li-minm ak
 poutèt Évanjil-la (cf. Mc 8, 35). Kèk jou anvan li Soufri-a, li té ba yo
 égzanz pòv vèv Jéruzalèm-nan ki, malgré povrété-l, té bay tout sa-l té gin
 pou-l viv (cf. Lc 21, 4). Kòmandman libèté kè-a dévan richès-yo, li
 obligatoua pou antré nan Rouayòm sièl-yo.

- 2545 Tout fidèl Kris-la doué pran souin « pou yo dirijé aféksion yo byin douat, pou yo pa jouinn anpèchman pou rivé nan pèfeksyon charité-a antan y-ap sèvi ak réalité tè-a épi nan attachman ak richès-yo ki kontré ak espri povréte Évanjil-la, » (LG 42).
- 2546 « Ala kontantman pou moun ki pòv-yo nan espri-a » (Mt 5, 3).
 1716 Béatitud-yo révélé yon chémin kontantman ak lagras, bëlté ak lapè. Jézu dékläré kè kontan pòv-yo solanèlman, sé pou yo Rouayòm-nan déjà yé (cf. Lc 6, 20) :
- « Dapré mouin, Paròl-la rélé “pòv nan espri-a” rabèsman (umilité) volontè nanm-nan, épitou Apot-la prezanté nou povréte Bondié kòm égzanp, lè-l di : Li-minm, malgré li té rich, poutèt nou li vîn pòv (2 Co 8, 9) » (S. Grégoire de Nysse, beat. 1 : PG 44, 1200D).
- 2547 Granmèt-la fè lamantasion sou rich-yo, paské yo jouinn konsolasion nan kantité byin yo posédé-yo (Lc 6, 24). « Moun ki gin ògèy-la donk ap chèché épi rinmin rouayòm tè-yo : Min ala kontantman pou sa-k pòv dapré espri-a, paské sé pou yo Rouayòm sièl-yo yé » (S. Augustin, serm. Dom. 1, 1, 3 : PL 34, 1232). Lagé tèt-nou bay providans Papa-a ki nan sièl-la libéré nou anba tout kè soté parapò démin. Konfians nan Bondié-a dispozé nou pou kontantman pòv-yo (cf. Mt 6, 25-34). Yo minm y-ap ouè Bondié.

IV. « Mouin vlé ouè Bondié »

- 2548 Dézi véritab kontantman-an séparé moun-nan ak attachman san kontrol pou byin tè sa-a, pou-l akonpli nan vizion épi nan kontantman Bondié-a.
 2519 « Promès [ouè Bondié-a] minm tèlman gran, li dépasé tout limit kontantman. [...] Réyèlman nan fason Ékritu-Sint-la palé-a, ouè-a sé minm bagay li vlé di ak ginyin [...]. Donk moun ki ouè Bondié, li rivé ginyin, gras a sa-l ouè-a, tout byin yo kapab pansé » (S. Grégoire de Nysse, beat. 6 : PG 44, 1265A).
- 2549 Sa-k rété pou pèp ki sin-an, sé pou, ak lagras ki soti anro-a, li goumin pou-l rivé jouinn byin-yo Bondié promèt la. Pou yo kapab posédé épi kontanplé Bondié, fidèl Kris-la donté (mòtfié) konvouatiz-yo épi, ak lagras Bondié-a, yo ranpôté viktoua sou atirans plézi-a ak pouvoua-a.
- 2550 Sou chémin pèfeksyon sa-a, Espri-a ak Épouz-la ap rélé moun ki tandé yo (cf. Ap 22, 17) pou yo rivé nan pèfeksyon kominion avèk Bondié-a :
- « Sé la vrè gloua-a ap yé, koté sa k-ap fè louanj-la pap fè-l ni paské li tronpé-l ni pou-l karésé an aparans (adulation) ; sé la véritab onè-a, sa yo pap manqué bay pèsonn ki mérité-l, ni yo pap bay pèsonn ki pa mérité-l ; sé la véritab lapè-a, koté pèsonn pap soufri okinn kontrariété ni poutèt pròp tèt-li ni poutèt yon lòt. Sé Bondié li-minm k-ap rékonpans vèrtu-a, li minm ki bay vèrtu-a épi ki té promèt l-ap bay pròp li-minm, paské pa gin anyin pi bon épi pi gran

314

pasé-l ki t-a kapab égzisté. [...] « M-ap Bondié yo, épi yo minm y-ap pèp mouin » (Lv 26, 12) [...]. Konsa réyèlman yo konprann sa Apot-la té di-a pi byin : « Pou Bondié kapab tout bagay nan tout moun » (1 Co 15, 28). Sé li-minm k-ap aboutisman tout sa nou dézi nou-yo, li-minm n-ap ouè san fin, n-ap rinmin san déranjman, n-ap fè louanj san fatig. Fonksion sa-a, aféksion sa-a, aksion sa-a sètènman l-ap pou tout moun, minm jan lavi pou tout tan-an sé an komin l-ap yé » (S. Augustin, civ. 22, 30).

RÉZIMÉ

- 2551 « Koté trézò-ou la yé-a, sé la kè-ou ap yé tou » (Mt 6, 21).
- 2552 *Dizièm kòmandman-an intèdi konvouatiz déréglé ki soti nan pasion san kontròl pou richès-yo ak pouvoua yo ginyin-an.*
- 2553 *Anvié lòt sé yon chagrin ou santi dévan byin yon lòt moun ginyin épi yon anvi san kontròl pou rivé pran-l pou ou. Sé yon vis (vice) kapital.*
- 2554 *Moun ki batizé-a konbat anvié lòt-yo gras a byinvéyans-la, rabésman-an (umilité) antan li rinmèt tèt-li bay providans Bondié.*
- 2555 *Fidèl Kris-la « yo klouré chè yo sou koua-a avèk mové défo yo ak vié lanvi-yo » (Ga 5, 24) ; yo minm sé Éspri-a k-ap minnin yo épi yo suiv sa-l vlé yo.*
- 2556 *Détachman parapò a richès-yo nésésè pou antré nan Rouayòm sièl-yo. « Ala kontantman pou moun ki pòv-yo nan éspri-a » (Mt 5,3).*
- 2557 *Moun ki gin dézi-a di : « Mouin vlé ouè Bondié ». Souaf Bondié-a sé dlo lavi tout tan-an ki pasé-l (cf. Jn 4, 14).*

[◀Atik
anvan-an](#)

[Gid jénéral-la](#)

[Atik►
apré-a](#)